

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan téh ciri hiji panalungtikan sarta mangrupa cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal. Métode leuwih nekenkeun kana stratégi, prosés, jeung pamarekan dina milih jenis, karakteristik, sarta diménsi rohang jeung waktu tina data anu diperlukeun (Sudjana, 2011, kc. 52).

Panalungtikan ieu nu judulna “Rumpaka Sawér Pangantén Adat Sunda di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP kelas VIII (ulikan Sémiotik jeung Étnopédagogik)” ngagunakeun métode deskriptif analisis ku tilu tiori. 1) tiori struktur jeung sémiotik, 2) tiori étnopédagogik, 3) tiori pangajaran milih bahan ajar. Struktur anu dimaksud nya éta: 1) imaji, 2) simbol, 3) musikalitas, 4) latar, 5) téma, jeung 6) gaya basa. Tiori sémiotik anu jadi dasar nya éta tiori sémiotik Rolland Barthes nya éta kode hermeneutik, proairetik, semantik, simbolik, jeung budaya. Tiori étnopédagogik anu dipaké nya éta 1) konsép silih asih, 2) konsép silih asah, 3) konsép silih asuh, 4) pengkuh kana agama, 5) luhung élmu, 6) kawijaksanaan, 7) rancagé gawé.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa bagan guluyuran léngkah panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti nangtukeun masalah nepi ka nyusun laporan hasil panalungtikan. Désain pikeun ieu panalungtikan kagambar sakumaha bagan ieu di handap.

Gambar 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

1) Observasi

Observasi nya éta cara ngumpulkeun data kujalan ngalaksanakeun panalungtikan inderawi, nyatetkeun sagala gejala-gejala anu kapanggih tina objek panalungtikan sacara langsung di tempat panalungtikan. Dina hal ieu panalungtik nyatetkeun rumpaka sawér pangantén anu digunakeun harita kujalan ménta dokumén ti juru kawih.

2) Wawancara

Wawancara nya éta alat *re-checking* atawa alat pikeun ngabuktikeun impormasi atawa katerangan anu kapanggih saacana. Téhnik wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik wawancara *bebas terpimpin* atawa wawancara anu teu kapatok ku pertanyaan-pertanyaan tapi ku kawijakan panalungtik salaku nu ngawawancara.

Wawancara dilaksanakeun dumasar kana pedoman ieu dihadap.

- a. Kudu meunang data ngeunaan pungsi atawa mangpaat sawér.
- b. Kudu meunang data ngeunaan eusi rumpaka sawér anu dikawihkeun.

3) Analisis Dokumen

Sabadana panalungtik narima rumpaka sawér pangantén anu dikawihkeun nalika panganténan dilaksaakeun, dina ngumpulkeun data, léngkah-léngkahna nya éta:

- a. Maca sagemblengna rumpaka sawér pangantén.
- b. Nyirian data anu aya patalina jeung ulikan tiori ngeunaan struktur jeung unsur sémiotik.
- c. Nyirian data anu aya patalina jeung ulikan ajén étnopédagogik.
- d. Nyatetkeun hasil nyirian data dina kartu data anu geus nyampak.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik analisis anu digunakeun pikeun ngaanalisis jeung ngolah data dina iyeu panalungtikan nya éta téhnik analisis data. Data anu geus dikumpulkeun saméméhna tuluy diolah sangkan meunang hasil anu luyu jeung tujuan anu hayang kahontal. Téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data, saperti anu geus di bébérkeun di luhur nya éta téhnik studi pustaka anu mangrupa téhnik ku cara:

1. nangtukeun objék panalungtikan;
2. maca, nyirian, jeung mariksa objék kalawan gemet;
3. nyutat dina kartu data kode-kode sémantik anu nyampak dina éta rumpaka sawér;

4. ngaanalisis jeung ngadeskripsikeun hasil cutatan;
5. nganalisis jeung ngadéskripsikeun cocog atawa henteuna data hasil panalungtikan pikeun bahan ajar di SMP kelas VIII;
6. Nyusun bahan ajar; jeung
7. nyindekkeun hasil analisis data.

3.3 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nya éta subjek ti mana data bisa kapanggih. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta di handap ieu.

3.3.1 Lokasi Panalungtikan

Tempat panalungtikan ieu dilaksanakeun nya éta di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya.



Gambar 3.2
Péta Lokasi Panalungtikan

3.3.2 Partisipan Panalungtikan

Partisipan atawa narasumber dina ieu panalungtikan nya éta:

Wasta : Euis Heningsih
 Umur : 55 taun
 Agama : Islam
 Alamat : Kp. Legokoncom, 09/02 Ds. Manonjaya
 Kec. Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya

3.3.3 Rumpaka Sawér

Rumpaka sawér anu biasa dihaleuangkeun ku Juru Kawih, Ibu Euis Heningsih dina acara panganténan di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya diwangun ku 100 pada. Ieu rumpaka sawér mangrupa warisan turun tumurun ti sepuhna anu ditulis ulang ku anjeuna.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan miboga kaitan jeung kagiatan dina ngumpulkeun tur ngolah data. Instrumén panalungtikan mangrupa alat bantu ngumpulkeun tur ngolah data ngeunaan *variable-variabel* anu ditalungtik. Dumasar kana téhnik panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

1) Studi Pustaka

Tabél 3.1
Daptar Buku anu dipaké dina Panalungtikan

No	Buku	Keterangan	
		Aya	Henteu
1	Kasastraan		
2	Kabasaan		
3	Kabudayaan		
4	Pangajaran		

2) Wawancara

Tabél 3.2
Padoman Wawancara

No (1)	Hal-hal anu ditalungtik (2)
1	Data ngeunaan pungsi atawa mangpaat sawér.
2	Data ngeunaan eusi rumpaka sawér anu dikawihkeun.
3	Data ngeunaan mangpaat éta rumpaka sawér pikeun pangantén.

Tabél 3.3
Data Narasumber

Data Narasumber	
Wasta	

Umur	
Padumukan	
Pakasaban	

3) Observasi

Observasi nya éta cara ngumpulkeun data kujalan ngalaksanakeun panalungtikan inderawi, nyatetkeun sagala gejala-gejala anu kapanggih tina objék panalungtikan sacara langsung di tempat panalungtikan. Dina hal ieu panalungtik nyatetkeun rumpaka sawér pangantén anu digunakeun harita ku jalan ménta dokumén ti juru kawih.

Rumpaka sawér anu biasa dihaleuangkeun ku Juru Kawih, Ibu Euis Heningsih dina acara pangantén di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya diwangun ku 100 pada. Ieu rumpaka mangrupa warisan turun tumurun ti sepuhna anu ditulis ulang ku anjeuna.

4) Alat/ Pakakas

Alat/pakakas anu digunakeun dina ngadokuméntasikeun salila panalungtikan, nya éta: (1) kaméra poto, (2) alat rékam.

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Ngolah data mangrupa kagiatan mimiti saméméh ngalaksanakeun analisis kana data anu geus dikumpulkeun. Téhnik anu digunakeun dina ngolah data, nya éta analisis unsur sémiotik jeung analisis ajén étnopédagogik.

1) Kartu Data Analisis Unsur Sémiotik

Tabel 3.4
Kartu Data Panalungtikan Analisis Sémiotik

No. Pada	Pada	Kecap/ Padalisan	Unsur Sémiotik

2) Analisis Ajén Étnopédagogik

Sanggeus kapaluruh ngeunaan analisis unsur sémiotik anu ditalungtik, satuluyna bisa dianalisis ngeunaan ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina éta rumpaka.

Tabel 3.5
Kartu Data Panalungtikan Analisis Ajén Étnopédagogik

No. Pada	Pada	Ajén Étnopédagogik

3.5 Téhnik Nangtukeun Sampel Panalungtikan

Sampel anu bisa dijadikeun sumber data ieu panalungtikan kacida pisan lobana. Dina nangtukeun sampel panalungtikan, panalungtik ngagunakeun téhnik *Random Sampling*, nya éta sampel penelitian anu dicokot gumantung ka panalungtik kalawan nimbang-nimbang masalah hésé atawa gampangna ngumpulkeun data. Dumasar hal éta, sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka sawér pangantén adat Sunda di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya.